

SOSYETE KOUKOUEY AN AKSYON

Mo nèf nan lang kreyòl la: kreyativite pou richès lang ak kilti ayisyen an

Esè

Ak : Henri-Robert Durandisse

Ekriven / Powèt

Manm Sosyete Koukouye nan Kanada

Enpòtans lang kreyòl ayisyen nan kilti ak idantite nasyonal

Lang kreyòl ayisyen an reprezante yon poto mitan nan kilti ak idantite pèp ayisyen an. Li sèvi kòm lang komunikasyon prensipal pou plis pase 10 milyon moun, kit se nan peyi Ayiti, kit se nan dyaspora a. Kreyòl la pran nesans nan yon konjonkti istorik inik, kote plizyè lang ak kilti melanje pou yo kreye yon lang totalman nouvo, ki reflete eksperyans pèp kolon yo te mete nan esklavaj. Lang sa a vin tounen yon zouti inivèsèl pou komunikasyon, transmisyon konesans, epi kreyasyon idantite kolektif tout pèp ki pale lang sila a.

Depi kreyòl la te fin parèt kòm yon lang oral, li toujou ap evolye, adapte li ak nouvo reyalite sosyete Ayiti a. Se nan konteks sa a, nouvo mo parèt, swa nan pale chak jou, swa nan literati, mizik, lòt ekspreyon kiltirèl, epi nan tout branch lakonesans. Kreyasyon epi prezans nouv nan lang kreyòl la montre jan lang lan vivan, dinamik, epi li ka adapte li ak nouvo sitiyasyon, nouvo lide. Chak mo nouvo ki antre nan kreyòl la pote yon nouvo moso reyalite, yon nouvo fason panse, e souvan yon lespwa pou yon avni miyò.

Nan moman nou ye la a, mwen konstate plizyè moun ap pale de nouvo nèf ki ap kreye nan lang kreyòl ayisyen an [Cf. Keder Hyppolite Haïti En Marche, 14 - 19 août 2024]. Se yon deba ki ap kontinye, paske anpil fwa gen lòt moun ki akize kék manm nan Sosyete Koukouye, (Manno Ejèn ak lèzòt yo), poutèt yo ap kreye nouvo mo. Sa montre, gen anpil enterè pou aspè sa a nan lang nou an. Lang kreyòl la pa yon zouti estatik; li se yon lang ki ap boujonnen epi evolye chak jou nan lespri ak kè moun ki pale li yo. Nouvo mo yo vin esansyèl pou li tradwi epi eksprime reyalite ki pa janm nonmen, reyalite nouvo, oswa pou li jwenn yon mo ki koresponn pi byen ak reyalite nou ap viv sou tè Ayiti. Menm jan ak anpil lòt lang, kreyòl la bezwen yon enstitusyon Leta ki ka gide pwosesis evolisyen li, espesyalman lè li rive sou kesyon kreye nouvo mo, epi entegre yo nan itilizasyon popilasyon an fè chak jou. Nan lespri pa mwen, yon nan aksyon kle Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) kapab fè pou avansman lang kreyòl la se tabli mekanis pou anrichi leksik lang kreyòl Ayiti a. Mwen dwe siyale nou, kalite defi mwenn ap mande AKA pou li leve la a, se pa yon defi pou Ayiti sèl gress. Se yon defi mondal. Pwovens Kebek la, *Office québécois de la langue française* pibliye yon liv antye sou kreyasyon mo nèf. Li rele : *Les emprunts : traitement en situation d'aménagement linguistique*. Se Christiane Loubier ki ekri li nan ane (2003). Kidonk, defi kreye nouvo mo a, se yon nesesite entènasyonal.

Mision AKA se reglemente, pwoteje, epi amelyore lang kreyòl la pou li asire, li kontinye jwe wòl santral li nan sosyete ayisyen an. Lang kreyòl la, pa sèlman yon zouti komunikasyon; li se yon mwayen ki pèmèt Ayisyen viv kilti yo, eksprime emosyon yo, epi konstwi yon idantite kolektif. Nan sans sa a, AKA ap fè yon travay san parèy lè li travay pou li garanti kreyòl la ap rete vivan, dinamik, epi toujou an koneksyon ak reyalite pèp ayisyen an.

Se nan travay reglementasyon sa a, AKA kapab etabli règ, metòd, ak estanda pou li kreye, valide, epi adopte nouvo mo nan kreyòl la. Anplis, li enpòtan pou AKA pèmèt yon dyalòg kontinyèl ant kominote kreyòl la ak ekspè nan branch linguistik pou li asire tout moun ki ap sèvi ak kreyòl, kit se nan literati, edikasyon, lisyans ak teknoloji, oswa nan aktivite kotidyen yo, santi yo enplike nan pwosesis sa a. Pou yon lang rete anvi, li dwe genyen pwosesis ki klè pou evolisyen li, e se nan respekte kalite prensip sa yo AKA ap kapab garanti kreyòl la ap kontinye grandi epi li ap anrichi lang kreyòl la pou jenerasyon ki nan wout ap vini yo.

Enpòtans koleksyon mo nèf

Chak mo nèf ki kreye nan lang kreyòl la se tankou yon fenèt ki ap louvri sou yon reyalite ki poko gen yon ekspreyon awopriye pou li. Otè yo, nan kreyativite yo, ap konstwi pon ant sa ki egziste ak sa ki ap jèmen. Mo sa yo pa sèlman reprezante yon mwayen pou moun kominike, men tou yo se zouti pou tradwi reyalite ki an mouvman, nan inivè sosyal, kiltirèl, ak teknolojik ki toujou ap chanje.

Mo sa yo se pa pwodwi yon moun fè pou tèt li sèlman; yo reflete yon kilti, yon épòk, e souvan yo fonde nan revandikasyon yon sosyete, ki ap chèche nonmen sa ki te rete nan lonbray. Mwen kwè nan lang pa nou an, kreyasyon nouvo mo vin yon nesesite. Konsa, nou va sispan di "bagay" pou tout reyalite. Nan yon sosyete, kote chanjman rapid, kreyasyon mo nouvo vin esansyèl pou lang lan ka kontinye sèvi tout fonksyon li yo.

Angajman ak kreyativite kolektif

Yon apwòch efikas nan koleksyon mo, se kolabore ak pwofesyonèl ki nan tout domèn san eksepsyon. Si mwen ekri literati la a, se paske ekriven yo epi mizisyon yo toujou

pran devan bann lan. Men, travay la pa dwe limite nan mitan yon gwoup ekspè; li dwe louvri. Li fèt pou li enklizif epi patisipatif. Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA) ta dwe angaje tout sosyete ayisyen an, rasanble tout moun ki ap pale kreyòl, menm moun ki pa nesesèman ekspè nan lang, men ki gen anpil eksperyans ak konesans sou kilti ayisyen an, pou yo vin patisipe nan konbit la. Wi!! Se konbit nasyonal.

Angajman kominote a se yonnan aspè kle nan pwosesis sa a. Chak moun ki pale kreyòl se yon potansyèl kreyatè mo, e chak mo gen jan pou li kapab kontribye nan avansman lang la. Patisipasyon moun, ki pa nesesèman ekspè, men ki ap viv avèk lang la chak jou, pote ak li yon fòm validasyon kiltirèl pou nouvo mo yo. Se yon fason pou asire mo yo pa sèlman enpòtan nan yon ti sèk literè, men yo reyèlman reflete tout nivo nan sosyete a epi yo sèvi kominote a nan itilizasyon chak jou li ap fè avèk mo sa yo.

Metòd koleksyon ki divèrsifye epi ki enkli teknoloji

Metòd pou kolekte mo sa yo ta dwe divèrsifye. Se yon fason pou nou asire nou, nou ranmase tout kalite mo, depi nan sa ki pi popilè yo jouk rive nan sa ki pi konplèks yo. Nan sa ki konsène ekriven yo, AKA ka organize atelye, konferans, oswa evennman literè, kote otè yo vin pataje mo yo kreye, diskite sou siyifikasyon yo, epi esplike rezon ki fè yo te kreye mo sa yo. Sa ap fasilité yon dyalòg kreyatif kote moun ki prezan yo ap pran pwa mo, fòs yo, epi elaji konpreyansyon yo.

Anplis de sa, AKA dwe tabli yon bazdone nimerik pou pèmèt otè yo soumèt mo yo kreye dirèkteman, ansanm ak yon deskripsiyon detaye pou mo a. Yon bazdone konsa ap sèvi kòm yon premye mwayen nanranmase mo. Pi plis toujou, li vin yon resous pou rechèch, analiz, fòmasyon epi edikasyon. Moun ki ap etidye lang lan ka gen aksè ak nouvo mo sa yo, konprann sikorans kreyasyon yo, epi wè ki jan yo ka itilize mo sa yo nan diferan konteks.

Evalyasyon linguistik: yon etap kle nan pwosesis la

Apre moun ki konsène yo fin kolekte mo yo, yon lòt etap kritik nan pwosesis la, se evalyasyon linguistik. Evalyasyon sa a se pou satisfè kritè linguistik ki nesesè pou mo yo vin yon pati entegal nan lang kreyòl la. Pwosesis sa a mande kolaborasyon avèk yon komite ekspè, ki gen ladan linguis, pwofesè, ekriven, ak lòt ekspè nan lang ak kilti kreyòl ayisyen an. Yo tout ap travay ansanm pou yo garanti, chak mo nouvo, ki rantre nan leksik nasyonal sa a ki nan lespri mwen an, kapab reyèlman sèvi nan yon fason ki efikas epi rezonab nan kominote kreyòl la.

Pwosesis evalyasyon: kolaborasyon ak ekspè

Pwosesis evalyasyon an dwe fèt avèk anpil atansyon epi rigè, paske se nan etap sa a ekip travay la pral deside validate epi itilizasyon mo a. Komite evalyasyon an ta dwe rasanble ekspè nan domèn linguistik, edikasyon, literati, ak menm sosyològ, pou asire ke mo yo byen adapte nan tout aspè lang lan. Evalyasyon an pa dwe sèlman teknik, li dwe chita tou sou yon refleksyon kiltirèl epi sosyal. Yon mo ka gen tout bél kalite sou plan teknik, men si li pa byen adapte ak kilti oswa sosyalite pèp la, li ka pa reyisi jwenn plas nan itilizasyon chak jou moun yo. Se pou sa refleksyon kolektif la gen tout valè li.

Konsiltasyon ak kominote a: enklizyon kòm kle siksè

Yon fwa mo yo pase nan premye faz evalyasyon an, li esansyèl pou Akademi an angaje kominote kreyòl la nan pwosesis la. Konsiltasyon ak kominote a se yon aspè kle pou popilasyon an adopte mo a, paske lang se pa sèlman yon konstriksyon gramatikal, li se an menm tan yon refleksyon kiltirèl ak idantité. Enklizyon kominote a pa sèlman ranfòse validate mo yo, men li bay garanti mo sa yo anrasinen nan lavi chak jou pèp la.

Pou li angaje kominote a, AKA ka itilize plizyè metòd konsiltasyon. Yon metòd se ta kapab, pou li organize sondaj, kote moun ki ap pale kreyòl nan tout peyi a ka patisipe pou yo bay opinyon yo sou mo nouvo yo. Sondaj sa yo ka fèt an pèsòn, atravè medya sosyal, oswa atravè aplikasyon mobil. Yo ka mande moun ki pale kreyòl yo, si yo konprann mo yo, si yo vle sèvi ak yo, epi nan ki fason yo panse mo sa yo adapte ak lang lan epi kilti a. Konsiltasyon sa a pèmèt yon evalyasyon ki pi konplè, kote reyalite lavi moun ki ap pale kreyòl yo parèt nan chwa mo yo.

Piblikasyon nan diksyonè ak fichye ofisyèl

Youn nan metòd prensipal yo se enkli mo yo nan diksyonè ofisyèl kreyòl la. Sa ap pèmèt mo yo jwenn yon estati ofisyèl, epi moun ka fasiman jwenn definisyon yo epi itilize yo nan yon sous serye. Anplis de sa, Akademi an ka pibliye fichye oswa gid itilizasyon ki esplike mo yo, siyifikasyon yo, epi nan ki jan yo dwe itilize yo. Gid sa yo ta ka sèvi kòm zouti pou ansèyman, rechèch, epi yo ka ranfòse aplikasyon ansanm ak validite mo yo nan sosyete a.

Ekzanz mo nèf pou anrichisman lang ak kilti kreyòl la

Mo mwen mansyone yo, tankou kalibofobo, atizay, kreyolizay, feteye, lomeyans, mounite, plimpoule se yon bann mo nèf plizyè otè kreye pou yo anrichi lang kreyòl ayisyen an. Chak gress mo sa yo gen yon siyifikasyon pwofon e yo te kreye pou yo nonmen epi reflechi sou reyalit kiltirèl epi filozofik ayisyen.

• Kalibofobo : Mo Franketienne kreye. Mo sa a ta ka dekri yon moun ki pè oswa ki gen yon kè sote devan tout sa ki gen rapò ak pouvwa, fòs, oswa otorite, oswa yon bagay ki depase kapasite nòmal. Nan yon konteks ki pi pwofon, "Kalibofobo" kapab tou reflete yon pwoblèm sosyolojik oswa sikolojik, kote yon endividé oswa kominote a gen difikil pou yo fè fas ak otorite oswa chanjman estriktirèl ki mande yon nivo kapasite ki depase sa yo abitye a.

• Atizay: Mo powèt Mirville kreye. Mo sa a soti nan "art" an franse ak "izay" nan lang kreyòl, li gen sans tout pratik ki an rapò ak kreyasyon atistik, tankou penti, mizik, teyat, elatriye. Atizay pa sèlman vle di pratik atistik. Li reprezante tou yon dimansyon kreyatif epi kiltirèl ki gen gwo valè nan sosyete ayisyen an.

• Kreyolizay: Mo powèt Manno Ejèn kreye. Yon tèm ki refere a pwosesis pou devlope ak valorizasyon kreyòl la, tou nan domèn lang ak kilti. Kreyolizay se yon mouvman pou pwomosyon ak ranfòsman lang kreyòl kòm yon zouti edikasyon, kreyasyon, ak komunikasyon.

• Feteye: Mo sa se powèt Henri-Robert Durandisse ki kreye li. Sa a se yon mo ki vle di selebre oswa fè fèt. Li mete aksan sou lide pou selebre ansanm nan kominote, yon aspè enpòtan nan lavi sosyal ayisyen an, kote fèt gen yon plas santral nan sosyete a.

• Mounite: Mo filozòf Enoch Franklin kreye. Yon mo ki soti nan rasin "moun," li vle di limanite, imanis, oswa respè pou tout moun. Mo sa a vle reflechi prensip inivèsèl sou respè ak diyite tout moun, san diskriminasyon.

• Plimpoule : Mo powèt Henri-Robert Durandisse kreye. Lè yon moun di "mwen anvi plimpoule ou," sa vle di li santi yon dezi pwisan pou angaje nan yon moman entim kote li karese ou nan yon fason delika ak atansyon, jiskaske ou devni sansib, eksite, ak konekte seksyèlman. Sa eksprime yon anvi pou kreye yon eksperyans ki plen ak sensualite ak emosyon, kote kontak fizik la vin tounen yon mwayen pou devlope yon koneksyon entim ak patnè a, men ak yon sousi pou eksitasyon ak plezi mityèl. Anvi a se pou fè ou santi w byen, alèz, epi pwoche pi pre yon ak lòt nan yon fason ki sensual ak afeksyon.

Mo sa yo montre kapasite lang kreyòl la pou li adapté li, evole epi reflete reyalite ansanm ak filozofi pèp ayisyen an. Yo montre angajman plizyè otè pou yo asire, kreyòl la kontinye anrichi tèt epi devlope nan yon fason ki dinamik epi kreyatif.

Konklizyon

Pwosesis kreyasyon ak enkporasyon mo nèf nan lang kreyòl ayisyen an depase limit senp inovasyon linguistik; li reprezante yon efò kolektif ki soutni idantite kiltirèl ak reyalite sosyal pèp ayisyen an. Travay sa a, ki enplike refleksyon, kolaborasyon, ak devouman, se pa sèlman yon zafè lang. Se an menm tan yon kesyon kontinwite kiltirèl ak espirityèl.

Lang kreyòl la, ki soti nan yon long istwa, ki chaje ak rezistans plis adaptasyon, se pa yon zouti komunikasyon senp. Li se yon mwayen pou pèp ayisyen an viv kilti li, pataje emosyon li, e konstwi yon idantite kolektif ki solid. Pandan nou ap antre pi fon nan 21yèm syèk la, nesesite pou nou adapté lang lan ak nouveau reyalite yo vin yon nan prensipal defi, AKA **dwe leve**. Otreman, nou riske pase anpil tan ap vire an won, san nou pa janm rive wè wout limyè pou nou klere fènwa.

Akademi Kreyòl Ayisyen an, ansanm ak lòt enstitusyon kiltirèl epi edikati gen yon misyon san parèy pou yo garanti, lang kreyòl la rete yon mwayen pwisan pou li eksprime richès, divèrsite, inivè kiltirèl Ayiti, pandan li ap koresponn ak reyalite teknolojik epi syantifik tan modèn yo. Nan kolekte, evalye, epi difise mo nèf yo, nou ap konstwi yon pantan tan pase ak tan prezan an, ant tradisyon ak inovasyon.

Li enpòtan pou travay sa a fèt avèk patisipasyon tout sekèt sosyete a, pou mo nèf yo pa sèlman vin senbòl inovasyon, men tou pou yo pote revandikasyon, espwa, assanm ak aspirasyon pèp ayisyen an. Se apati kreyativite kolektif epi angajman kontinyèl sa a, lang kreyòl la ap kontinye grandi, bay lavi, epi reflete reyalite yon nasyon ki ap vanse sou wout devlopman, jistis, ak diyite.

Kidonk, kreyasyon ak adopsyon mo nèf yo vin tounen yon pwosesis esansyèl pou kontinwite ak devlopman lang kreyòl la. Li se yon angajman kiltirèl pou konsolide eritaj nou pandan nou ap prepare tèren an pou jenerasyon kap vini yo. Se yon fason pou nou asire tèt lang nou, lang kreyòl la pas sèlman vivan, men li sou wout devlopman nan mitan divès inovasyon ki ap anvayi lemonn yo.